


## FON SOULAJMAN LWAYE: VIL BOSTON



### FON ÈD POU LOKASYON

Fon an sipòte rezidan Boston yo ki gen risk pou yo pèdi lojman y ap lwe a poutèt COVID-19 la.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan elijibilite ak fason pou aplike, al gade nan [boston.gov/rental-relief](https://boston.gov/rental-relief)

*Fon Soulajman Lwaye Vil Boston te etabli pou ede rezidan Boston yo ki gen risk pou pèdi lojman lwaye yo akòz pandemi COVID-19. Biwo pou Estabilite Lojman te jere ak administre fon sa a (OHS) an patenarya avèk ajans lojman non-pwofi yo.*

#### **KISA FON SOULAJMAN LWAYE A FÈ?**

Fon Soulajman Lwaye a bay jiska \$15,000 nan asistans pou sèvis piblik ak lwaye pou fanmi ki gen revni elijib yo pou jiska 12 mwa. Fanmi ki kalifye yo ka resevwa asistans pou alafwa ayere lwaye ak lwaye ankou. Fanmi yo kap resevwa asistans pou pwochen lwaye yo ap bezwen pou yo resetifye chak 3 mwa pou yo ka verifye bezwen an ap kontinye.

#### **Fon Soulajman Lwaye Vil Boston an ka ede lokatè yo avèk depans ki annaprè yo:**

- An soufrans (apati 13 Mas 2020), ankou, ak jiska twa mwa nan depans ki prevwa pou depans lwaye yo
- An soufrans (apati 13 Mas 2020), ankou, oswa jiska twa mwa depans ki prevwa pou sèvis piblik (enkli entènèt) ak depans pou enèji kay (\$1,500 alokasyon sèvis piblik)
- Depans pou demenaje nan Vil Boston

**Yo pa kapab itilize finansman an pou sa ki annaprè a:**

- Aryere lwaye oswa bòdwo sèvis piblik anvan 13 Mas 2020
- Peman pou kay pwogram tretman yo
- Peman pou pwopriyete kay ki se fanmi pwòch oswa manm fanmi (sof si paran pwòch la te enkòpore tankou LLC)

**KIMOUN KI KALIFYE POU RESEVWA ASISTANS LWAYE?**

Aplikasyon yo dwe:

- Yon rezidan Vil Boston; EPI
- gen yon revni fanmi ki verifye nan oswa anba 80% nan Revni Mwayèn Zòn lan (AMI); EPI
- afekte ekonomikman akòz COVID-19; EPI
- gen risk pou vin sanzabri ak/oswa enstabilite lojman; EPI
- Ou pa yon elèv diplome oswa kolèj aplentan

Fanmi Sibvansyone yo

- Vil Boston ak Otorite Lojman Boston te etabli yon fon ki angaje pou rezidan lojman piblik BHA yo ki gen aryere lwaye. Fanmi yo ki gen aryere nan pwopriyete BHA yo pou peryòd 13 Mas 2020 jiska dat dwe kontakte manadjè pwopriyete. Ou ka imèl tou [rental.relief@bostonhousing.org](mailto:rental.relief@bostonhousing.org).
- Si ou se yon benefisyè Seksyon 8/MRVP, tanpri ranpli yon aplikasyon pou RAFT ([disponib isit la](#)) oswa asitans lwaye nan ABCD [isit la](#).

**KESYON YO POZE SOUVAN YO****ELIJIBLITE (KIMOUN KI KAPAB APLIKE)****Pou kimoun pwogram sa ye?**

Fon Soulajman Lwaye Vil Boston fèt pou lokatè ki gen revni elijib yo nan Boston ki te afekte ekonomikman pa pandemi COVID-19 e ki bezwen èd pou peye lwaye ak/oswa sèvis piblik yo. Rezidan ki kalifye yo touche mwens pase 80% nan [Revni Mwayèn Zòn lan \(AMI\)](#) chak ane, sa ki apeprè \$77,000 pou yon fanmi de moun.

**Kisa ki konte kòm afekte ekonomikman pa pandemi COVID-19?**

Enpak ekonomik akòz COVID 19 gen ladan:

- Pèdi revni w akòz fèmti operasyon travay ou
- Travay mwens èdtan akòz rediksyon anplwayè
- Pèt gadri ak/oswa fèmti lekòl akòz COVID-19
- Pèdi travay ak/oswa enkapasite pou travay akòz ogmantasyon risk nan COVID-19
- Pèdi travay akòz wap pran swen pou yon moun ki malad oswa manm fanmi an karantèn avèk COVID-19

**Mwen abite nan lojman piblik. Èske mwen kalifye?**

Otorite Lojman Boston te etabli yon fon angaje pou rezidan lojman piblik BHA ki gen aryere lwaye. Fanmi ki gen aryere yo nan pwopriyete BHA pou peryòd 13 Mas 2020 jiska dat yo ta dwe kontakte ajans ki te pibliye kupon yo oswa imèl [rental.relief@bostonhousing.org](mailto:rental.relief@bostonhousing.org).

**Mwen abite nan yon lwaye lojman restriksyon a bon mache LITHC patwone. Èske mwen kalifye?**

Wi, aplikan yo kap viv nan lojman a bon mache ki deziyen yo elijib.

**Youn oswa plizyè nan manm fanmi mwen yo pa gen dokiman. Èske mwen kalifye?**

Wi, ou kalifye. Kondisyon imigrasyon pa afekte elijibilite.

**Map viv avèk ko-lokatè. Èske tout manm nan kay la ta dwe aplike?**

Si wap aplike pou yon pati nan lwaye a, non w dwe sou kontra lwaye a.

Si wap aplike pou tout kantite lajan lwaye a, ou pral bezwen revni tout manm yo nan kay la pou detèmine elijibilite fanmi an pou asistans. Si ou chwazi opsyon sa a tanpri soumèt yon aplikasyon pou chak fanmi.

**Mwen sou-lwe yon chanm. Èske mwen kalifye?**

Wi, aplikan yo ki sou-lwe elijib men yo pral bezwen pou yo bay yon kontra lwaye oswa itilize modèl nou an pou yon kontra lwaye

**Mwen gen yon degèpisman annatant. Èske mwen kalifye? Èske pwogram sa a kapab ede m?**

Wi. Si ou genyen yon degèpisman annatant akòz non-peman lwaye ki gen rapò avèk COVID ou ka toujou aplike, akondisyon yo pa degèpi w epi mete w deyò nan inite a. Tanpri enfòmè pwopriyete kay ou an, reprezantasyon legal, ajans konsèy finansye, ak/oswa jij konte a (si aplikab) ke ou te aplike pou pwogram sa a.

**Èske pwopriyetè kay yo kalifye pou pwogram sa a?**

Non, Fon Souvajman Lwaye a disponib sèlman pou lokatè yo nan Vil Boston. Pwopriyetè kay yo ki gen difikilte avèk peman ipotèk yo ta dwe konsidere Asistans Ijans pou Ipotèk & Lwaye [Emergency Rent & Mortgage Assistance (ERMA)] ki kapab reponn a bezwen ou yo (wap jwenn plis enfòmasyon sou toulède pwogram yo disponib [isit la](#))

**E rezidan yo ki pa reponn a kritè pou Fon Souvajman Lwaye a?**

Nou konnen ke nou pa kapab ede chak rezidan nan Vil Boston ki afekte pa COVID-19. Anplwaye yo nan Biwo Estabilite Lojman an pare pou ede rezidan yo jwenn lòt sous finansman oswa sipò nan gouvènman eta ak federal, oswa non-pwofi lokal ak nasyonal yo. Tanpri rele Biwo Estabilite Lojman an nan 617-635-4200 oswa imèl [housingstability@boston.gov](mailto:housingstability@boston.gov).

**UTILIZASYON FON YO (KI KALITE DEPANS KI KAPAB KOUVRI)****Kijan rezidan yo kapab itilize fon sa yo?**

Fanmi kalifye yo ka resevwa jiska \$15,000 pou konsève lokasyon yo oswa aksè nan nouvo lojman pèmanan nan Vil Boston lè yo peye nan omwen yon pati nan premye ak dènye mwa, depo sekirite, ak depans pou demenaje. Yo ka itilize fon yo tou pou asistans sèvis piblik.

**Ki sèvis piblik ki kouvri?**

Depans sèvis piblik elijib gen ladan elektrisite, chofaj lwil, gaz natirèl, epi wi, sèvis entènèt.

**Ki lòt depans ki kouvri?**

Lòt depans yo ki gen rapò avèk lojman ki te fèt akoz, dirèkteman oswa endirèkteman, nan COVID-19 kouvri tou pa finansman sa a. Depans sa yo gen ladan:

- Depans pou demenaje ak depo;
- Depo sekirite pou yon inite lwaye nan Vil Boston;
- Premye mwa lwaye pou yon inite lokasyon nan Vil Boston;
- Dènye mwa lwaye pou yon inite lokaasyon nan Vil Boston; e
- Frè rezonab pou lwaye anreta te ajoute.

Depans ki anwo yo pa p depase \$15,000 e yo pa p bay li pou yon peryòd ki depase douz (12) mwa.

**Èske yo pa pral ofri nenpòt sèvis pou fanmi ki deplase yo ki kapab bezwen frè adisyonèl?**

Wi. OHS ansanm avèk ajans patnè li yo kapab bay sèvis global yo ki gen ladan rechèch lojman, asistans legal, dwa lokatè pou konsèy ak referans adisyonèl.

## DISTRIBISYON FON YO (KIJAN YO AFEKTE AK DISTRIBYE FON YO)

### **Kijan yo fè peman yo?**

- Pou lwaye, yo fè peman yo dirèkteman bay mèt kay la
- Pou sèvis piblik yo, yo fè peman yo dirèkteman bay konpayi sèvis piblik yo,
- Yo pral voye peman pa chèk oswa ACH dirèkteman bay pwopriyetè kay la ak/oswa konpayi sèvis piblik yo. Peman yo ta dwe rive nan lespas 7-10 jou apre notifikasyon yon aplikasyon ki apwouve.

### **Kijan ou deside kimoun ki jwenn asistans?**

Aplikasyon yo pral objè yon egzaminasyon preliminè apre yo fin soumèt. Apre premye verifikasyon sa a pou elijiblite ak materyèl yo fin konplete, aplikasyon yo pral objè yon verifikasyon final avèk youn nan twa ajans patnè yo. Pandan pwoosesis verifikasyon final la, anplwaye yo nan ajans patnè yo pral verifiye elijiblite AMI, fè yon kalkil sou bezwen, epi mande dokiman ki obligatwa nan men mèt kay la/manadjè pwopriyete.

### **Si mwen aplike pou asistans, èske mwen garanti pou resevwa l?**

Non. Nou antisipe ke nou pral resevwa anpil aplikasyon pou Fon Soulajman Lwaye. Malerezman se pa tout aplikan ki pral resevwa asistans. Nou gen yon kantite finansman limite ki disponib pou kounye a e nou pral bay peman jiskaske lajan an fin epwize.

### **Èske map bezwen aplike ankò si mwen te deja resevwa asistans?**

Wi. Sa a se yon nouvo pwogram avèk nouvo finansman, ou pral bezwen pou soumèt yon nouvo aplikasyon

## PWOSESIS APLIKASYON (KISA MWEN BEZWEN POU M APLIKE EPI KISA KAP PASE APRE MWEN FIN SOUMÈT YON APLIKASYON)

### **Ki dokiman map bezwen pou m bay?**

- Kopi kontra lwaye siyen oswa lokatè (modèl kontra disponib isit la)
- Dokiman ki gen foto pou responsab fami an
- Souch chèk aktyèl (de (2) souch chèk ki pi resan)
- Dokiman sou benefis chomaj (si aplikab)
- Dokiman enskripsyon nan MassHealth (ochwa)
- Dokiman SNAP/EBT (ochwa)

**E si mwen pa gen yon kontra lwaye?**

Nou te kreye yon modèl kontra lwaye (isit la) ke aplikan yo kapab itilize pou satisfè egzijans dokimantasyon sa a. Ou pral bezwen pou manadjè pwopriyete w / mèt kay ou siyen fòm sa a. Siyati elektwonik yo akseptab. Ou pral aksepte tou yon deklarasyon alekri nan men manadjè pwopriyete/mèt kay ou oswa peye bòdwo sèvis piblik yo avèk adrès ki liste kòm prèv rezidans.

**E si mwen pa t abite nan lokasyon aktyèl mwen lè COVID-19 te kòmanse?**

Ou ka toujou aplike pou asistans avèk lwaye w ak/oswa bòdwo sèvis piblik. Pa gen egzijans pou yon longè tan rezidans spesifik nan pwopriyete lwaye aktyèl ou.

**E si mwen pa t gen yon adrès imèl?**

Tanpri rele Biwo Estabilite Lojman pou konpete yon aplikasyon pa telefòn.

**Èske gen yon aplikasyon papye oswa lòt fason pou aplike?**

Pou kounye a pa gen okenn aplikasyon papye pou Fon Soulajman Lwaye a. Si ou gen difikilte pou ranpli fòm anliy lan, tanpi kontakte Biwo Estabilite Lojman pou konplete pa telefòn. Si ou gen aksè nan yon aparèy mobil men ou pa gen aksè nan entènèt, tanpri vizite lokasyon wifi piblik vil la. Gen plizyè Bibliyotèk Piblik Boston ki aktyèlman gen aksè wifi gratis deyò:

- Brighton
- Codman Square
- Connolly
- East Boston
- Egleston Square
- Grove Hall
- Honan-Allston
- Hyde Park
- Lower Mills
- Mattapan
- Parker Hill
- Roxbury
- South End
- West Roxbury

Bibliyotèk Piblik Boston gen tou WiFi hotspots ki disponib pou prete (wap jwenn enfòmasyon [isit la](#)) ak ofri randevou aksè a òdinatè piblik nan Bibliyotèk Santral nan Copley Square ((wap jwenn enfòmasyon [isit la](#)).

**Kisa ki pase apre mwen fin soumèt aplikasyon mwen an?**

Ou pral resevwa yon imèl ki konfime ou te soumèt aplikasyon w lan. Lè ou fin soumèt aplikasyon ou, yo pral revize l pou asire li konplè. Apre premye egzaminasyon an, yo pral asiyen aplikasyon w lan bay yon ajans patnè. Yon kowòdonatè ki asiyen nan ajans ou an pral an kontak avèk ou ansanm avèk manadjè pwopriyete w pou nenpòt dokiman adisyonèl oswa enfòmasyon ki kapab nesèsè pou konplete aplikasyon w. Si ou pa t resevwa yon konfimasyon imèl apre ou fin soumèt aplikasyon w, tanpri resoumèt aplikasyon w.

**E si mwen te resevwa notifikasyon ke mwen pa kalifye, men mwen panse ke mwen kalifye?**

Imèl notifikasyon w pral gen ladan yon apèsi sou dokiman ou ka bay pou verifye elijiblite. Tanpri soumèt dokiman verifikasyon yo nan Biwo Establiite Lojman (imèl: [RRF@boston.gov](mailto:RRF@boston.gov)) nan lespas 5 jou apati dat yo te resevwa notifikasyon ke ou pa t elijib.

**Kisa mwen ta dwe fè si mwen reyalize ke mwen te fè yon erè nan aplikasyon mwen an?**

Tanpri imèl [rrf@boston.gov](mailto:rrf@boston.gov) sou nenpòt chanjman nan aplikasyon w. Si yo te asiyen aplikasyon w bay yon ajans patnè, tanpri rete an kontak avèk manadjè ki asiyen nan dosye w.

**E si pwopriyete kay mwen pa reponn oswa refize patisipe nan pwogram sa a?**

Nan sitiyasyon kote pwopriyete kay yo pa reponn oswa refize patisipe, finansman kapab itilize pou sa ki annaprè a:

- Depo sekirite pou garanti nouvo lojman nan Vil Boston
- Premye/dènnye mwa lwaye pou sekirize nouvo lojman nan Vil Boston
- Depans pou demenaje pou sekirize nouvo lojman nan Vil Boston

**KESYON DIVÈS****Kijan yo finanse pwogram sa a?**

Vil Boston ak Depatman Devlopman Katye [Department of Neighborhood Development] ap itilize fon federal pou Fon Soulajman Lwaye a.

**Ki pwoteksyon legal ki anplas pou lokatè yo ki afekte pa evènman yo ki gen rapò avèk COVID-19?**

Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) te bay yon moratoryòm federal sou degèpisman pou ki ou kapab kalifye. Wap jwenn enfòmasyon ak fòm deklarasyon ki obligatwa ki envoke ou kapab jwenn òdonans lan [isit la](#).

Si ou te resevwa yon avi legal ki soti bò kote pwopriyetè kay ou ki mande pou soti nan inite lwaye w la, tanpri vizite [sit entènèt sa](#) pou w jwenn asistans legal.

OHS angaje pou asire ke lokatè Vil Boston yo gen aksè nan tout resous legal yo ki disponib epi ankouraje lokatè yo pou vizite [boston.gov/housingstability](https://boston.gov/housingstability), kontakte biwo nou an nan 617-635-4200 oswa imèl [housingstability@boston.gov](mailto:housingstability@boston.gov) si ou gen nenpòt kesyon.

**Èske peman relans ekonomik la konte kòm revni fanmi an?**

Non, chèk relans ekonomik fanmi an pa enkli nan kalkil revni an.

**Poukisa wap kontwole done ras ak etnisite?**

Gouvènman Federal la mande sa a pou asire konfòmite avèk opòtinite kredi egal, lojman ekkitab ak lwa sou divilgasyon ipotèk kay. Ou pa gen obligasyon pou bay enfòmasyon sa a, men nou ankouraje w pou fè sa. Pou ras, ou kapab tcheke plis pase yonsèl deziyasyon. Si ou pa vle bay enfòmasyon an, tanpri tcheke kazyè ki apwopriye a.

**Kisa repwodiksyon benefis la ye oswa e si mwen te resevwa asistans lwaye yon lòt kote?**

Yo pa kapab itilize Fon Soulajman Lwaye pou kouvri lwaye ak/oswa asistans pou sèvis piblik ki te deja kouvri pa lòt sous finansman yo. Si ou te deja aplike oswa planifye pou asistans nan lòt sous yo, demann ou pou asistans lwaye grasa fon sa a dwe kouvri diferan mwa sèvis. Pa egzanp, si ou te deja resevwa/aplike pou asistans lwaye nan lòt sous yo pou mwa Mas ak Avril, demann ou pou finansman sa a pa kapab enkli mwa sa yo.

**Èske asistans lwaye nan Fon Soulajman Lwaye konsidere kòm yon benefis daprè tès chaj piblik?**

Non, Fon Soulajman Lwaye pa konsidere nan tès “chaj piblik” federal la. Asistans ki soti nan Fon Soulajman Lwaye a se pa yon benefis “kach” oswa “non-kach” ki liste nan règleman sou chaj piblik la.

Biwo Majistra pou Avansman Imigran gen yon gid resous kèlkeswa kondisyon imigrasyon nan [boston.gov/immigrants](https://boston.gov/immigrants). Nou ankouraje rezidan yo ki gen enkyetid sou tès chaj piblik la pou konekte avèk Greater Boston Legal Services nan 617-371-1234 ak MA Law Reform Institute nan 617-357-0700.



**Mwen te pèdi travay mwen akòz COVID-19, kijan pou m aplike pou benefis chomaj?**

Si ou potko aplike pou asistans chomaj, tanpri vizite sit [Enfòmasyon Enpòtan sou Travay](#) pou aplike. Faason ki pi rapid pou aplike se anliy, men si ou bezwen asistans, ou ka aplike anliy, ou ka ranpli tou fòm kontak la [isit la](#) oswa rele 617-626-6800 oswa 877-626-6800 (Asistans nan Panyòl ak Pòtigèz disponib). Gen tou yon [gid etap-pa-etap](#) sou kijan pou aplike. Nan [Kesyon yo Poze Souvan yo pou moun kap chèche travay yo](#), ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwolongasyon benefis chomaj atravè Lwa CARES pou kouvri kontraktè endepandan, otonòm yo, travayè “gig” yo (sètadi chofè veyikil pataje yo) ansanm avèk lòt yo.